



Pou Piblikasyon Imedya: 24/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL NONMEN DOKTÈ JAMES V. MCDONALD POU SÈVI KÒM KOMISÈ SANTE

*Gouvènè nonmen yon pedyat ki antrene aepi ki gen plizyè dizèn eksperyans nan sante piblik nan New York, Rhode Island ak Nasyon Navajo*

*Kounye a, Doktè McDonald ap sèvi kòm Komisè Sante enterimè*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nominasyon Doktè James V. McDonald M.D., M.P.H. pou sèvi kòm Komisè Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH) la. Doktè McDonald se yon pwofesyonèl sante piblik ki gen eksperyans ki sèvi kòm Komisè Sante enterimè New York depi 1e janvyè.

"Nan mitan kriz sante piblik san parèy, Depatman Sante Eta New York la, te fè yon travay ekstrawòdinè pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite ak an sante", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Doktè James V. McDonald se yon lidè sante piblik ki gen talan ak konpetans ak eksperyans ki nesèsè pou dirije Depatman Sante nou an. Mwen fyè pou m nonmen li nan wòl enpòtan sa a, epi mwen pa ka tann pou mwen travay sere avèk li pou pwoteje sante tout Nouyòkè yo."

"Sèvi kòm Komisè Depatman Sante Eta New York la se onè pou tout lavi", **Doktè James V. McDonald, te deklare,** "Mwen rekonesan pwofondman ak Gouvènè Hochul pou konfyans li nan mwen, epi mwen espere travay sere ak kòlèg Depatman Sante mwen yo pou kontinye sèvi Nouyòkè yo."

Dr. James V. McDonald se yon natif Nouyòkè ki soti nan Cohoes epi ki te resevwa yon diplòm lisans nan Siena College. Li te antre nan Depatman Sante Eta New York la an jiyè 2022, li te sèvi kòm direktè medikal nan Biwo Sante Piblik Depatman an. Apre sa, li te nonmen Direktè Pwovizwa nan Sant pou Sante Kominotè (Center for Community Health) epi li te kòmanse sèvi kòm Komisè Sante enterimè nan dat 1e janvyè ane sa a.

Avan li te retounen nan New York, Doktè McDonald te pase yon deseni nan Depatman Sante Rhode Island kote li te sèvi nan plizyè wòl tankou Direktè Sante Pwovizwa, Ofisye Administratif Anchèf nan Konsèy Lisans ak Disiplin Medikal la, Direktè Medikal pou inite COVID la, ansanm ak Direktè Medikal pou Sant pou Sèvis Kliyantèl (Center for Customer Services) la ak pwogram prevansyon dòz eksepisif kont dwòg la. Li te tou yon

manm nan gwoup travay Gouvènè a sou Prevansyon lanmò nan Dòz eksèsif. Doktè McDonald se pwofesè nan Brown School of Public Health ak nan Warren Alpert Medical School nan Brown University.

Doktè McDonald te fè yon M.D nan Loyola Stritch School of Medicine nan Chicago, rezidans an pedyatri li nan Marin Amerikèn (US Navy), ak rezidans medisin prevantif li nan State University of New York (SUNY). Li te fè MPH li nan University of North Carolina nan Chapel Hill epi li te genyen B.S. nan Biyoloji nan Siena College. Doktè McDonald sètifye pa konsèy la nan pedyatri ak nan medsin prevantif.

Caryè divèsifye li enkli ofisye nan Marin Amerikèn, ansanm ak pratik prive nan zòn rural yo kote mank swen sante te egziste. Doktè McDonald te sèvi tou nan Sèvis Sante Endyen (Indian Health Servic) an nan Tribi Endyen (Navajo Nation), li te sèvi kòm Direktè Medikal nan Medsin pou Pasyan Ekstèn nan Chinle, Arizona.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)